ZORI_ISLAMA WWW. ZORI-ISLAMA.COM 6 март 2025 год № 5 (573)



ОРДЕН «ЗА ЗАСПУГИ ПЕРЕД УММОЙ» 1 СТЕПЕНИ




А.-Х. Кадыров

# ИСЛАМАН ЗІАЬНАРШ

РЕСПУБЛИКАНСКАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА «ЗОРИ ИСЛАМА»

ВЫХОДИТ С 6-ГО НОЯБРЯ 1990 ГОДА

ПЕРВАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА В СССР

## МАРХА ЛАЦАР А, ДАСТАР А

Марха билггал муьлхачу дийнахь лоцур ду йа достур ду хьалхxе хаа йиш йац. ХIунда? Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дешан дуьхьа. Цо аьлла: «Марха и (цIина бутт) гарца лаца, и гарца даста а даста, нагахь дуьхьал марха йеана шуна иза гойла дацахь, ШаIбан беттан ткъе итт де дузийта». (Аль-Бухари, Муслим)

Вукху хьадисехь ма-аьлла Делан салам хиларо: «Шайна (бутт) галлалц ма кхаба, цул тIаьхьа галлалц кхаба...» Иштта цо аьлла (Делера салам хуьлда цунна): «Бутт ткъе исс де долуш хуьлу».




Вайн марха долуш, телевизор чохь Москвахь а, СаIудехь а достуш гича, низамах боха сихло цхьаберш. Царна ца хаьа, бутт гаран хьукманехь баккхийчу имамийн ойланаш шина кепара хилар. Цхьаболчарна гергахь, цхьана меттехь бутт гинехь, дуьненан массо маьIIехь марха лаца деза. Вукхарна гергахь, хIора махкара бусалба нах шайна бутт гарца марха лаца декхар бу. ХIокху шина а декъан а Элчанан (IалайхIиссалам) хьадисашкара далилаш (тоьшаллаш) ду.

Цхьаболчара цхьа хьадис гIоле лерина, вукхара важа лерина. Цхьаболчара «Гича лаца, гича даста» бохург дуьненна а ду аьлла, вукхара цхьана махкана ду аьлла.

Ткъа вайн имам волчу ШафиIин мазхIабехь тергалдинарг шен махкахь бутт гар ду! «Аль-фикъхIульманхIажиййу» жайнахь ду: «Дамаск, Аллеппо, Хьимс цхьана пачхьалкхан Сирин гIаланаш, масала, цхьана мехкан хьукма долуш йу. Вовшийн гена йолу гIаланаш, масала, Макка, Каир, Дамаск, цхьана мехкан хьукманца йац. Маккахь бутт гича, Каирехь берш марха лаца декхар бац, Каирехь гича, Дамаскехь берш декхар бац», – аьлла.

Гина бутт боцуш йа ШаIбан беттан ткъе итт де дуьзна а доцуш, и даима марха лоцуш къуьйсуш долу де, шари1атан жайнашкахь «йавмушшакки» аьлла, дийцина ду, шеконан де бохург ду иза. Дийцарал сов, кхаба хьарам ду аьлла. Делан салам хиларо аьлла: «Нах шекболчу дийнахь марха кхаьбнарг Абуль-къасимна Iеса хилла». (Абу-Давуд, ат-Тирмизи)

Абуль-Къасим Элчанах олуш хилла (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна).

ХIара «Иршадус-сарий фи Iибадатиль-Барий» жайни чохь дерг марханаш хьалхa лоцуш, къесташ болчеран хьокъехь дийцина ду: «Цхьанна а, йа цхьана а тобанна а мегаш дац, марха лацарца йа дастарца кхечу шахьарехь бутт гинера аьлла, шайн шахьарехь болчу нахах дIакъаста, и болх бинарг йа бинарш къинош летош бу, шаьш умматна дуьхьал бевлла, Дала Шен лешна хIоттийна долчу шарIан хьукма дохош, нах шина декъе боькъуш бу. Элчано (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьлла: «Марха дастар наха достучу дийнахь ду, гIурба дер наха дуьйчу дийнахь ду».

Иштта Делера салам хиларо аьлла: «Шун марха аш кхобучу дийнахь ду, шун гIурба аш дуьйчу дийнахь ду».

Марха лацар, дастар бусалбанийн цхьаалла гучуйоккхуш Iамалш йу. Бусалба нах тахана тайп-тайпанчу мехкашкахь бу, хIора махкахь шен низам долуш. Цхьана махкахь, шахьарахь берш марха бахьана долуш бекъабалар маггане а мегар дац».

Дала бусалбанийн барт ч1аг1бойла!

*С. Муртазаев*

## МАРХА КХОБУЧУН ЛЕРАМ БИНАРГ ЙАЛСАМАНИ ВАХНА

Цхьана мажусийчунна (цIерна а, седарчашна а Iамал йеш верг) шен кIант Рамадан баттахь базарахь хIума юуш гина. ТIаккха, марха долчу бусалба нехан хьурмат (лерам) хIунда ца до ахь аьлла, тоьхна цо шен кIантана.

И мажусий велча, цхьана Iелимстагана гIенакхоьлах ялсамани чохь сийлаллин меттехь гина. ТIаккха цо хаьттина: «Хьо мажусий вацара?» Вукхо жоп делла: «Вара, амма со лечу хенахь сайна тIехула цхьа аз хезира суна: «ХIай, Сан маликаш, мажусийн динехь ма виталаш иза, цо Рамадан беттан лерам барна, Исламдин тIеэцийтий, сий делаш цуьнан».

Рамадан беттан лерам бинчунна иймане вар хилла, тIаккха, цуьнан лерам беш, иза кхаьбначунна хIун хила деза?!

## МАРХА ЦАКХОБУЧУННА ШАРІО ЙИНА КХЕЛ

Рамадан беттан марханаш кхабар бусалба динан арканашха (коьрта дакъошха) цхьа рукна (дакъа) йолу дела, кхочуш ца дича ца долуш долу фарз долу дела, и кхаба декхар дац бохуш верг керистаналла деш ву, динах дIахьаьвзина муртад ву. Тоба даре кхайкха веза иза, цо дохковаьлла тоба дахь, къобалдийр ду цуьнгара, бусалбанца йолу юкъаметтиг лелор ю цуьнца.

Нагахь тоба ца деш шен керистаналлин хьолехь волуш цуьнан валар хилахь, Делах цатешарна даим а жоьжахатин Iазапехь хир ву иза.

Рамадан баттахь марханаш кхабар фарз хиларна инкарло еш воцуш, хIетте а бехказло йоцуш (я цомгуш, я баккхийчу нахах воцуш) верг иза керистаналла деш вацахь а, фасикъ (Дала ма де бохург деш волу зуламхо) ву, Iеса (Дала де аьлла омра динарг ца деш волу) стаг ву. ШариIатехь набахти чу волла вогIуш ву иза, дийнахь юучух-молучух дIахадийна мархин сурт хIотто.

Элчано аьлла (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна): «Бехказло йоцуш, Рамадан баттахь цхьана дийнан марха дохийнарг – цуьнга иза меттахIотталур ма дац, цо бIе шарахь марханаш кхаьбча а». (Ат-Тирмизий, ибн-МажахI, ан-Насаий)



*С. Муртазаев*



## ПАМЯТИ БУВАЙСАРА САЙТИЕВА

Он ушёл навсегда, – что-то дрогнуло, взвыло в душе!
Почему, как же так?! Бьются крыльями лебеди – мысли!
Сердце больно стучит все быстрей, – его нету уже...
Над домами чеченцев скорбящие тучи нависли...

В каждом доме Тезет... Утирает слезу млад и стар!
В каждом доме сестра, потерявшая брата, рыдает...
На устах у чеченцев сегодня одно - Бувайсар!
В этот месяц Всевышний любимых к себе забирает...

Ты сегодня опять, в этот мартовский день победил!
И услышав “Сайтиев”, мы вдруг, в первый раз, замолчали...
На ковёр этой жизни сегодня ты нас пригласил,
Чтоб сказать – ухожу... мы тебе в этот день проиграли!

Сколько раз, сколько лет, зажигал ты победой сердца!
Сколько раз мы с тобой чемпионами, брат, становились!
Пусть зачтутся тебе все молитвы и Вера в Творца!
Чтоб с тобою мы все, в мире Вечном, в Раю очутились!

Как же трудно терять безвозвратно достойных сынов...
Поднимите Вайнахи за брата повыше ладони!
Поклянемся сегодня безмовлно, без вычурных слов,
Помнить вечно о Нем, о Чеченском борце – Чемпионе.

***Сулим Магамадов***
***03.03.2025г.***

ТАХАНА ПОЬМАРЕХЬ

2-гIа агIо

МАРХА ЛАЦАР А, ДАСТАР А

«Помощь невидящему человеку - садака и обязанность каждого мусульманина (хадис).

Всевышний Аллах наделил нас зрением для того, чтобы мы могли созерцать окружающий мир во всем его великолепии, не забывая благодарить Творца за оказанную милость. К великому сожалению, среди нас встречаются люди, которые не могут наблюдать великолепие этого мира. Невозможно представить, сколько минут, часов, дней мы сможем провести во тьме, закрыв глаза. Мрак, темнота опускается на наши души. Кажется, жизнь приостановилась, не выдержав несколько мгновений, мы открываем глаза и узнаем великолепие всего, что нас окружает. Хочется воскликнуть, как прекрасен мир и всё, что создано Всевышним Аллахом. Зеленые леса, голубое небо, белые облака, высокие горы и даже маленькие порхающие мотыльки вызывают у нас изумление. Печаль охватывает сердце, понимая, что есть люди, которые не могут наблюдать всё это разнообразие окружающего мира. Тьма опустилась на их глаза, но не низошла на их души. В благородном хадисе сказано: «Если Всевышний Аллах подвергнет испытанию раба своего, лишив его двух любимых глаз, а он станет проявлять терпение, то возмещением ему от Всемогущего Создателя послужит рай». Руководствуясь этим изречением Пророка (да благословит его Аллах и приветствует), многие слепые не хотят быть обузой для нас, зрячих. Стыдно признаться, обладая зрением, мы совершенно слепы в своей духовной составляющей в Исламе. Многим зрячим людям надо брать пример с их силы воли...»



3-гIа агIо

МАСІУДАН ВОІАХ ІАБДУЛЛАХІАХ А, ЦУЬНАН ХІУСАМНЕНАХ ЗАЙНАБАХ А ЛАЬЦНА

«МасIудан воI IабдуллахI а, цуьнан хIусамнана Зайнаб а ший а Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) сахьабех (накъостех) ду. Пайхамарца (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) иййман а диллина, цуьнца ирс эцна а, шайн дахар цуьнца хоьттина а долуш. МасIудан воI IабдуллахI Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) уллерчу, гIараваьллачу сахьабех а, динехь доккха дакъалаьцна а волуш, Iилманца къахьегна ву. Къаьсттана Къуръанан Iилманехь вуно чIогIа кIорге а йолуш, цуьнан хьехарехь а, хьукманехь а, Дала магийнарг а, дихкинарг а, муьлха айат хьенан хьокъехь, муьлхачу меттехь доьссина ду, цунна ала луург, бохург хIун ду, и дерриге а хууш а, девзаш а. Дукхахболчу Iеламнаха ма-аллара, Къуръанан Iилманехь тоьллачех хилла IабдуллахI ибн МасIуд. Шен леларца, къамелаца уггаре а чIогIа Делан Элчанах (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) тера вара аьлла, сахьабаша шайна йуккъехь тоьшалла деш а хилла цунна...»

4-гIа агIо

ЧЕЛОВЕК. ПАТРИОТ. ПОЭТ.

«Пока люди сидят по домам, пишу, чтобы не скучали, чтобы учили детей и внуков нашей истории. Знакомили с жизнью замечательных людей и тому, как жить в этом многонациональном и многообразном мире.

1965 год, город Грозный, входная Чечено-Ингушского государственного педагогического института, 1 корпус. Я, отслужив два с половиной года в армии, согласно государственной программе, был направлен для поступления в институт. На мне форма солдата летной части, на Ахмеде Келиматове и его знакомом Абу, находившихся рядом со мной, форма погранвойск.

Мы ранее не знакомы, но армейская форма нам служит визитной карточкой, и мы с радостью общаемся друг с другом. Все мы поступаем на историко-филологический факультет: они оба на факультет русского языка и литературы, я – на исторический...»

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

# ВИДЯЩИЕ СЕРДЦЕМ

## ПОМОЩЬ НЕВИДЯЩЕМУ ЧЕЛОВЕКУ – САДАКА И ОБЯЗАННОСТЬ КАЖДОГО МУСУЛЬМАНИНА (ХАДИС).



Всевышний Аллах наделил нас зрением для того, чтобы мы могли созерцать окружающий мир во всем его великолепии, не забывая благодарить Творца за оказанную милость. К великому сожалению, среди нас встречаются люди, которые не могут наблюдать великолепие этого мира. Невозможно представить, сколько минут, часов, дней мы сможем провести во тьме, закрыв глаза. Мрак, темнота опускается на наши души. Кажется, жизнь приостановилась, не выдержав несколько мгновений, мы открываем глаза и узнаем великолепие всего, что нас окружает. Хочется воскликнуть, как прекрасен мир и всё, что создано Всевышним Аллахом. Зеленые леса, голубое небо, белые облака, высокие горы и даже маленькие порхающие мотыльки вызывают у нас изумление. Печаль охватывает сердце, понимая, что есть люди, которые не могут наблюдать всё это разнообразие окружающего мира. Тьма опустилась на их глаза, но не низошла на их души. В благородном хадисе сказано: «Если Всевышний Аллах подвергнет испытанию раба своего, лишив его двух любимых глаз, а он станет проявлять терпение, то возмещением ему от Всемогущего Создателя послужит рай». Руководствуясь этим изречением Пророка (да благословит его Аллах и приветствует), многие слепые не хотят быть обузой для нас, зрячих. Стыдно признаться, обладая зрением, мы совершенно слепы в своей духовной составляющей в Исламе. Многим зрячим людям надо брать пример с их силы воли. Одним из самых крупных успехов является огромнейшая любовь к Исламу, священной книге Аллаха, Пророку (да благословит его Аллах и приветствует) и выполнению предписаний шариата.

В Байсангуровском районе Грозного, по улице Магнитогорской, успешно функционирует зарегистрированное Духовным управлением мусульман Чеченской Республики медресе для слепых и слабовидящих, носящее имя алима Чеченской Республики Дачаева Мохьмада Дачаевича. Программа утверждена и одобрена отделом образования ДУМ Чеченской Республики. Здесь инвалиды по зрению обучаются чтению священного Корана, арабскому языку по методу Брайля (шрифт Брайля – это рельефно-точечный шрифт для письма и чтения слепых. В его основе лежит комбинация шести точек, дающая возможность обозначать буквы, цифры и другие знаки.)



Основная задача педагогического коллектива — это воспитать у людей с ограниченными возможностями желание и любовь к частому чтению и заучиванию Корана по методу Брайля, развить мотивацию инвалидов по зрению к изучению коранических наук. Пробудить стремление, дать умение обучать других, передавать свои знания и, конечно же, воспитать чувство ответственности за свои уже имеющиеся знания.

Овладение брайлевским шрифтом учащимся даёт уверенность читать Книгу Аллаха, так как на слух не всегда удается разобрать звук. Это очень трогательно видеть, как старательно они нащупывают аяты священного Корана, озвучивают незнакомые слова. Также не забываем о исламской оздоровительной реабилитации. Учим их плаванию, езде на велосипеде – тандеме. Вокруг медресе высажены десятки фруктовых деревьев, которые все прижились, так как постоянно учащиеся их поливают, перекапывают, опрыскивают. Забота об инвалидах – признак духовного здоровья и благополучия общества, причем, забота духовная важна не меньше, чем забота материальная.

Огромным успехом за полтора года функционирование школы является то, что впервые шестеро учащихся со своим преподавателем в месяц Рамадан в 2023 году совершили умру. Обрадованные вестью о посещении двух святынь мира и помня их величие, группа моих тотально слепых начала подготовку в путешествие в край пророков. В месяц Рамадан мы отправились в уникальную поездку, каждый взяв собой Коран напечатанный рельефно–точечным шрифтом. Бережно открыв Книгу Аллаха, шестеро тотально слепых руками стали читать Коран. Тысяча паломников были поражены, впервые увидев моих подопечных на этой благодатной земле, читающих днем и ночью Коран по методу Брайля. Многие работники мечети, гости подходили ко мне, выражая сочувствие, предполагая, что я являюсь их отцом, но узнав, что никто из них не является моим родственником, а они все братья по вере, их удивлению не было предела. Впервые учитель привел группу тотально слепых без сопровождения, научив их всех методике чтению Корана руками. За десять дней, проведенные на благодатной земле, каждый из шести тотально слепых сердцем





прочитали полностью Коран. Многих паломников поразило прекрасное чтение Корана самым юным Межидовым Зайн-Абди, ему всего одиннадцать лет. Саудовское телевидение сняло репортаж о слепом чтеце Корана около священной Каабы. Самый старший, тридцатилетний Ибрагим-Хадж, не переставая, днём и ночью проводя пальцами над каждой буквой, дважды прочитал Священную книгу Аллаха. Незаметно пролетели десять дней, держа пост, совершая обязательные и дополнительные молитвы, часами читая кончиками пальцев Коран, но не чувствовалось никакой усталости, хотелось ещё больше проводить время в богослужении. После завершения этого дела каждый сделал дуа, прося Всевышнего Аллаха для всех мусульман спокойствия, веры, здоровья, мира, благосостояния, просвещения, милости без совершения греха, указать путь истины, праведности. Дважды осуществилась мечта Зайна-Абди Межидова в прошлом году - он вновь в священный месяц Рамадан посетил священные места Мекки и Мадины и в Заповедной мечети за три дня полностью прочитал Книгу Аллаха. Кроме этих двух почитаемых мест мне посчастливилось на автомашине «Газель» повезти к святым местам Узбекистана, где похоронены известные мусульманские ученые.

В эти дни священного месяца Рамадана мои подопечные ученики проводят дни и ночи, читая Коран, совершая дополнительные молитвы.

Имея возможность, предоставленную газетой, особенно хочется поблагодарить всех, кто помогает слепым. Не называю их имена, пусть их всех Всевышний Аллах отблагодарит за их старания.

*Рамзан Мустаев*

# ДОККИН ВИРД

## *(Дала къайле ц1инйойла цуьнан)*

а) Вирд лелоран хьукма – суннат ду.

б) Вирд схьадалар – Къуръан а, суннат а ду.

в) Вирдан чулацам – Дела хьехор бу.

г) Вирдан дозалла – Далла тIех йезаш Iамал йу.

д) Вирдан пайда – Дела везавалар ду.

**Доккин вирд шина декъехь ду**

а) Жима вирд,

б) Доккха вирд.

Жимачу вирдан куц а, ргI а

Нийат дар (Ас нийат ди Делан дуьхьа вирд даккха).

ШахIадат далор (ашхIаду ан ла илахIа иллаллахIу ва ашхIаду анна Мухьаммадан расулуллахI).

3. Цкъа ламаз бисмилла дешар.

4. 11-зза КъулхIа дешар.

5. 5-зза – пайхамарна салават диллар.

6. Мел балар.

**Мел баларан кеп**

БисмиллахIиррахьманиррахьийм

Алхьамду лиллахIи РаббилIаламийн вас-салату вас-саламу Iала Мухьаммадин ва Iала алихIи ва асхьабихIи ажмаIийн.

ХIай Веза-Сийлахь волу Дела, ас даьккхинчу вирдан мел Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) кхачабе Ахь бихьурмати сирри суратиль-Фатихьа (бисмилла доьшурду).

1. Нийат дар (Ас нийат ди Делан дуьхьа вирд даккха).

2. ШахIадат далор (ашхIаду ан ла илахIа иллаллахI ва ашхIаду анна Мухьаммадан расулуллахI).

3. Цкъа ламаз бисмилла дешар.

4. 11-зза КъулхIа дешар.

5.5-зза – пайхамарна салават диллар.

6. Мел балар.

**Мела баларан кеп**

БисмиллахIиррахьманиррахьийм

Алхьамду лиллахIи РаббилIаламийн вас-салату вассаламу Iала Мухьаммадин ва Iала алихIи ва асхьабихIи ажмаIийн.

ХIай Веза-Сийлахь волу Дела, ас даьккхинчу вирдан мел Хаваж-БахIауддина а, Доккина а дIакхачабе ахь (Дала къайле тойойла церан) бихьурмати сирри суратиль-Фатихьа (бисмилла доьшур ду).

**Доккхачу вирдан куц а, ргI а**

1. Нийат дар (Ас нийат ди Делан дуьхьа вирд даккха).

2. 500-зза – астагIфируллахI алар.

3. 500-зза – АллахI боху Делан цIе йаккхар.

4. 100-зза пайхамарна салават диллар.

5. Мел балар.

**Мел баларан кеп**

БисмиллахIиррахьманиррахьийм

Алхьамду лиллахIи РаббилIаламийн вас-салату вассаламу Iала Мухьаммадин ва Iала алихIи ва асхьабихIи ажмаIийн.

ХIай Веза-Сийлахь волу Дела, ас даьккхинчу вирдан мел Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) кхачабе Ахь, цуьнан доьзалшна а, асхьабашна а кхачабе Ахь (Дела реза хуьлда), сан устазана Доккина а, накъшбандин тIарикъатехь болчу эвлайаашна а кхачабе ахь! АллахIумма салли Iала саййидина Мухьаммадин ва Iала али саййидина Мухьаммадин ва саллим) бихьурмати сирри суратиль-Фатихьа (бисмилла доьшур ду).

**Жимачу а, доккхачу а вирдан хан**

1. Хаьржина хан – Iуьйра ламазан хан.

2. Цакхиаран хан – малхбузний маьркIажний йукъ.

**Вирд декхаран хан**

(лууш волу чун декха)

Малх схьакхеттачул тIаьхьа делкъа ламаз хан хиллалц йу.

Вирд даккхаран гIиллакхаш;

1. Дела дагахь латтор.

2. Ламаз карахь хилар.

3. Къилбехьа верзар.

4. Хиъна Iаш даккхар.

5. ГIиллакхе охьахаар (масала, голаш тIе хиъна).

**Вирдан коьчал**

1. Йеза йерг (куьйган пIелгаш)

2. Мегаш йерг (суьлхьанаш, тIулгаш).

**Вирдехь хаза доцург**

1. Барамал соввалар а, эшор а.

2. Акха бIаьрг хьежор.

3. Къамел дар а, велар а.

4.Йаар а, малар а.

5.Сихвалар.



ВАЙН ЭВЛАЙААШ

# БЕРСА-ШАЙХ

Берса-Шайх тайпана курчало хилла, Лаха-Куьрчала йуьртара. Цуьнан ден цIе Тимарболат хилла. Ненан цIе Чилла хилла, тайпана гуно хилла иза. Берса-Шайхан ши кIант хилла – ТIурло а, Аьрсамак а. Берса-Шайхан доттагI хилла, Термола цIе а йолуш. Термола тайпана энакхаьлло хилла. Вайн махкахь дуьххьара нохчийн дерриге а халкъе ийман диллийта волавеллачех ву и шиъ. И хилла, герггарчу хьесапехь, 1590-чу шарахь.

Цхьана дийнахь шен накъосташца Бена вахана хилла Берса. Цигахь луларчу суьйлийн махкара Гада цIе йолчу шайхас дин хьеха векалвина Берса-Шайх. Цунна шен тур а, шегара шайхалла а делла цо. Цигара цIа богIуш, Берса а, цуьнан накъостий а буьйсанна садаIа севцца. Iуьйранна Берса цецваьлла: Къуръан деша а, цуьнан маьIна дан а хууш хилла цунна. Иштта хилла Берсах шайх.

Ша цIакхаьчча, шен нене аьлла цуо: «Вай хIинца дуьйна бусалбанаш ду». Нана ца тешна шен кIант шайхаллин дакъа долуш хиларх. Билгало гайтар дехна цо. Берсас шена хьалха Iуьллучу тIулга тIе ког таIийна. Цу тIехь коган лар дIахIоьттина. КъинтIера вала шена, аьлла нанас. ТIаккха бусалба дин тIеэцна цо.

Оцу муьрехь нохчашна йукъахь уггаре а хьалха бусалба дин тIеэцнарш Куьрчалара нах бу. Цул тIаьхьа, Берса-Шайха дIакхайкхош, луларчу йарташкахь а тIеэцна дин.



Бусалба дин тIеэца ца луурш а нислуш хилла. Цхьаберш цигара Теркайисте дIакхелхина, царах цхьаъ хилла Оьрза, шен доьзалца Теркал дехьаваьлла, охьахиъна. Оцу йуьртах нохчаша хIинца а Оьрза-ГIала олу. Тахана станица Червленная олуш йерг йу иза.

Дуккха а дика нах, шайхаш, эвлайааш кхиъна Берса-Шайхан тIаьхьенах: ШаIми-Юьртара Батукаев Ахьмаддукъ-Хьаьжа, Курчалойн-Эвлара Муса-Шайх, цуьнан кIант – ГIойтIара ИбрахIим-Хьаьжа.

Берса-Шайх дIавоьллина ву Лаха-Куьрчалахь. Цунна уллехь дIабоьхкина бу цуьнан доьзалш – хIусамнана а, ваша а, бераш а. Берсан лерамбеш, бусалба наха зерат дина цуьнан коша тIехь. 2008-чу шарахь Нохчийн Республикин Мехк-Ден Кадыров Рамзанан омранца тодина иза.

Зерат даима хаза а, цIена а хуьлу. Иза нохчаша Берса-Шайхан лерам бар ду.

*М. Заурбеков*

# МАСIУДАН ВОIАХ IАБДУЛЛАХIАХ А, ЦУЬНАН ХIУСАМНЕНАХ ЗАЙНАБАХ А ЛАЬЦНА

МасIудан воI IабдуллахI а, цуьнан хIусамнана Зайнаб а ший а Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) сахьабех (накъостех) ду. Пайхамарца (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ийман а диллина, цуьнца ирс эцна а, шайн дахар цуьнца хоьттина а долуш. МасIудан воI IабдуллахI Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) уллерчу, гIараваьллачу сахьабех а, динехь доккха дакъалаьцна а волуш, Iилманца къахьегна ву. Къаьсттана Къуръанан Iилманехь вуно чIогIа кIорге а йолуш, цуьнан хьехарехь а, хьукманехь а, Дала магийнарг а, дихкинарг а, муьлха айат хьенан хьокъехь, муьлхачу меттехь доьссина ду, цунна ала луург, бохург хIун ду, и дерриге а хууш а, девзаш а. Дукхахболчу Iеламнаха маалара, Къуръанан Iилманехь тоьллачех хилла IабдуллахI ибн МасIуд. Шен леларца, къамелаца уггаре а чIогIа Делан Элчанах (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) тера вара аьлла, сахьабаша шайна йуккъехь тоьшалла деш а хилла цунна.

Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хIусамехь а, мажлисашкахь а, вогIучохь а, воьдучохь а мел долчу гIуллакхашна терго йеш, гIо деш, виллина ладугIуш, чусадиллина хилла IабдуллахI бин МасIуд. Цуьнан Iаса, сивак лелош, оьшучу хенахь дIакховдош, хуучохь, гIоттучохь, хьалха, тIаьхьа ваьлла, мел оьшучу хIуманна тергойеш, хьашташка хьожуш.

Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) неI хийра йелахь, пурба а цадоьхуш, цуьнан хIусаме ваха йиш йолуш хилла а иза. Бисинчу сахьабаша пурба (бакъо) деха дезаш хилла Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хIусаме чуволуш, ткъа МасIудан кIанте IабдуллахIе шен хьокъехь аьлла хилла: «ХIай IабдуллахI, нагахь санна сан неI маьрша (хийра) йелахь, цхьа а пурба а цадоьхуш хецца чу ван йиш йолуш ву хьо». Цу кеппара, шен накъосташна йуккъехь къастийна хилла иза Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна).

Дуьххьара бусалба дине баьхкинчех ву IабдуллахI бин МасIуд. Цо шен дешнашца ма-аллара: «Со йалхалгIа вара ислам дине веана. Ас дин тIелаьцначу хенахь лаьтта букъа тIехь бусалба дин лелош тхо йалх бен вацара». Уьш хилла Хадижат а, Абубакр Сиддикъ а, Абу ТIолибан Iела а, Араттан Хаббаб а (Дела реза хуьлда царна массарна а).

Делера омра хилча, мохь тоххий дин кхайкхаде аьлла, Маккахь дуьххьара мохь тоьхнна Къуръан дешнарг а ву МасIудан воI IабдуллахI. И деша шена пурба цо дехнера Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) Маккахь, къурайшийн элий цхьаьна кхеттачу пхьоьханахь «Ар-Рохьман» цIе йолу сурат дешна цо. И сурат цо дешча, цара йетташ охьа виллина, цIеш вуьзна, чевнаш йина, чIогIа ницкъ бина цунна. Оцу хьолехь волуш IабдуллахI бин МасIуд ша волчу кхаьчча, цунах дукха тIех къахетарна, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла хилла: «Дакъаза ма вала хьо, хьайх къа хIунда цахетара хьуна?». Цунна жоп делла IабдуллахIа: «ВаллахIи, эшахь, вахана кхана йуха и сурат доьшур ма ду ас царна».

Сахьабех Маккин урамашна, элашна дуьххьара мохь тоьхнна Къуръан доьшуш хазийтинарг IабдуллахI бин МасIуд ву.

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шена Къуръан дешахьа олуш хилла цуьнга. Шега Къуръан деша аьлча, IабдуллахIа олуш хилла: «ХIай Делан Элча, хьуна тIедоьссина а долуш ас муха доьшур ду и Къуръан?».

- ХIай IабдуллахI, кхечо доьшуш самукъа даларца хаза хетара суна. Хазийтахьа суна и айхьа доьшуш, олура Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна).

IабдуллахIа дийцира, ша Къуръан доьшуш «Ан-Нисаъ» сурат тIе нисвелча «Кхачам бу хьуна, IабдуллахI» элира Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна). ТIаккха ша цуьнга дIахьаьжча, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ши бIаьрг хих буьзна гира цунна.

Цхьана дийнахьДелан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) а, ХаттIабан воI Iумар а Абубакр Сиддикъ волчу хIусамехь хьевелира, цхьацца гIуллакх деш. Цул тIаьхьа шаьш ара девлла схьа догIучу хенахь, маьждигана улле кхаьчча, IабдуллахI вайра шайна Къуръан доьшуш. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) IабуллахIа доьшучу Къуръане ла а доьгIна элира:

Делера охьа ма-доссара, деша ма-деззара Къуръан деша луург милла велахь а, МасIудан кIанта IабдуллахIа ма-дешшара доьшийла цо иза.

Иштта шен дерриге а дахар Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дахарх хоьттина, цунна уллехь даьккхина IабдуллахIа, цхьа а дуьне а, дуьненан бахам лахар а доцуш.

IабдуллахI бин МасIуд дIакхелхина аьлла шена хезча, Абу Дардаа аьлла:

- Ша санна волу диканиг, шех тераниг шена тIаьхьа а вуьтуш-м цакхелхи хьуна иза.

МасIудан кIантI абдуллахI хилла Iаьржачу аматахь а волуш, гIийлачу, жимачу дегIахь. И дукха гIийла хиларна, цхьаболчу сахьабаша цхьацца забаршца хьовзош а хилла иза.

Цхьана дийнахь Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) цхьа хIума схьаэца аьлла дитта тIе хьала ваьлла хилла IабдуллахI. Цуьнан йуьткъа ши ност йайча, белабелла сахьабаш. «ХIунда доьлу шу?» - хьаьттира Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна).

- Цуьнан гIийлачу настарех доьлуш ду шу? Вайн Делора шу тахана доьлуш йолу цуьнан и гIийла настарш кханалерчу Къематдийнахь Ухьуд ломал йеза хир йолуш ма йу, Мизан терзан тIе йиллича.

Iеламнаха хьахадо, IабдуллахIан хIусамнана Зайнаб даима а ламазехь, Iибадат деш йара. Муьлххачу хенахь ламазехь кара йора иза. Шен дахар ламазах, Iибадатах хоьттинера цо, мискачу нахана сагIа даларехь вуно чIогIа комаьрша йу аьлла гIарайаьлла а йара.

IабдуллахIа шена тIе захало деанчу хенахь, бIаьрган негIар ца тухуш, цхьа а хамталла йоцуш реза хуьлу Зайнаб, цуьнан куьцан ирчалла тергал йар а доцуш. Шегахь ийман хиларе терра Зайнаб тIетевжира захало дарехь билгалйинчу кепашна. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) йинчу билгалонех йара: даьхний а, хазалла а, тайпа-тукхум доккха (сийлахь) хиларца, дин алсам дара аьлла а до захало. Динехь гIоле верг хоржийла аьллачунна тIе а тевжина, бусалба динехь тоьлларг хаьржира Зайнаба. Зайнаба цалехира дуьненан бахам, хазалла, куц-кеп, тайпа-тукхум, амма цо хаьржира шен хинволчу цIийнаден Делаца йолу йукъаметтиг а, эхарт а. Цо шен бIаьрг дIакъевлира оцу хьолах. IабдуллахI гIийла, миска стаг хилла, йа дуьне лоьхуш а, йа и леха хан йолуш а ца хилла, цо дерриге а дахар Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) а, цуьнан дин даржорехь болчу некъана а дIаделла хилла дела.

Хьасан аль-Басри волчу веана цхьа стаг. Цо хаьттина цуьнга, шен йоIана тIекхоьхьуш дукха захалонаш ду тайптайпана болчу нахера: хаза а, товш а, хьалдолуш а, сийлахь а болчу кегийрхошкара. Муьлха а хало тIелоцур дара-те ша? – аьлла.

- Уггаре а чIогIа Делах кхоьруш верг царах муьлха ву хьажий, цуьнга бен ма лолахь хьайн йоI, олу Хьасана аль-Басрис. - Мел чIогIа дош дашера даларх, цкъа а хьан йоьIан дог дохор дац хьуна Делах кхоьруш волчо. Амма ахь Делах цакхоьручуьнга иза дIалахь, хьан йоьIан дахар духур ду хьуна, даима а девнаш, весаш хир йу хьуна, олу цо.

Шегахь Дала динчу диканца хаза ийман хиларе терра, шен цIинйда эла санна лелош хилла Зайнаба. Шен цIийнада Делан Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) уллехь хилар хууш, цуьнан рицкъа доккхуш лела йиш цахилар реза хиларца, дагца къобал а дина, шен дагара цхьа а вон хIума цахоуьйтуш, мелхо а шен куьйга цхьацца хIума тоьгий и йухкуш, шена а, шен цIийн дена а, доьзална а рицкъа латтош хилла цо. Шен хIусамден боцу аьтто а, и даккха шен цIийнада ларор вохуш воций а хууш, мискъалазарратал шен кIадйаларх, шена ницкъ хиларх цунах цунна хIума ца тосадолуьйтуш, цуьнан агIо а хилла, накъост а хилла чакхйолу Зайнаб.

